Bhaibheri Revana

Kuvapo

Isita Yokutanga

Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: Janie Forest
Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: Lyn Doerksen

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.
Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi,
chero ukasaitengesa.

Mudzimai uyu akamira padivi chine ruzha, maziso ake akasuwa akatarisa kune chaityisa. Mwanakomana wake akanga ava kufa. Amai vacho vakanga vari Maria, uye yakarovererwa Jesu pamuchinjikwa.

Zvose izvi zvakaitika
sei? Jesu aizogumisa
sei upenyu hwakaisvonaka
zvakadaro nenzira
inotyisa
kudaro?
Mwari
aizobvumira
sei Mwanakomana
wake kurovererwa
pamuchinjikwa kuti
afire ipapo? Jesu
akakanganisa here kuti
Aiva Ani? Mwari
akakundikana here?

Aihwa! Mwari havana kukundikana. Jesu vakanga vasina kukanganisa. Jesu aiziva kuti aizourayiwa nevanhu vakaipa. Kunyange Jesu paaiva mucheche, mumwe mukweguru ainzi Simiyoni akanga audza Mariya kuti aizosuruvara.



Mazuva
mashoma
Jesu asati
aurayiwa, mumwe
mukadzi akauya
ndokuzora mafuta
anonhuhwirira patsoka
dzake. "Ari kutambisa
mari," vadzidzi vakanyunyuta
kudaro. "Aita basa rakanaka,"
akadaro Jesu. "Akazviita kuti
ndivigwe." Mashoko anoshamisa zvakadini!

Shure kwaizvozvi,
Judhasi, mumwe wavane
gumi navaviri vaJesu,
akabvuma kutengesa
Jesu kuvaprista vakuru
namakumi matatu
esirivha.

Pamutambo wePaseka yemaJuda, Jesu akaita kudya kwake kwekupedzisira nevadzidzi vake. Akavaudza zvinhu zvinoshamisa nezvaMwari uye zvipikirwa zvake kune vanomuda. Ipapo Jesu akavapa chingwa nekapu kuti vagovere. Izvi zvaifanira kuvayeuchidza kuti muviri neropa zvaJesu zvakapiwa kuti zviregererwe zvivi.

Ipapo Jesu akaudza shamwari dzake kuti aizotengeswa, uye vaizotiza. "Handisi kutiza," akadaro Peter. "Jongwe risati rarira, uchandiramba katatu," akadaro Jesu.

Gare gare
usiku ihwohwo,
Jesu akaenda
kunonyengetera
mubindu
reGetsemane.
Vadzidzi vakanga
vanaye vakavata.
"Baba Vangu," Jesu
akanyengetera, "...
mukombe uyu
ngaupfuure kwandiri."

Pakarepo mhomho yakapinda mubindu, naJudhasi. Jesu haana kuramba, asi Petro akagura nzeve yomumwe murume. Chinyararire, Jesu akabata nzeve yomurume wacho. Jesu aiziva kuti kusungwa kwake kwaiva kuda kwaMwari.



Mhomho yakatora Jesu kumba kwemupristi mukuru. Ikoko, vatungamiriri vechiJudha vakati Jesu anofanira kufa. Petro akamira pedyo nemoto wavaranda akatarira.

Katatu vanhu vakatarira Petro ndokuti, "Iwe wakanga una Jesu!" Petro akazviramba katatu, sezvakataurwa naJesu kuti aizoita. Peter akatotuka nekupika.

Ipapo jongwe rakabva
rarira. Raiita senzwi
raMwari kuna Petro.
Achiyeuka mashoko aJesu,
Petro akachema zvikuru.



Judhasi akazvidembawo. Aiziva kuti Jesu akanga asina chivi kana mhosva. Judhasi akatora makumi matatu esirivha, asi vaprista vakaramba kuitora.



Judhasi akakanda
mari pasi, akabuda
- akazvisungirira.

Vapristi vakaunza Jesu pamberi paPirato, gavhuna weRoma. Pirato akati: Handina kuwana mhosva kumunhu uyu. Asi mhomho yakaramba ichidanidzira ichiti, "Murovererei!"



Pakupedzisira Pirato
ndokutongera Jesu kuti
arovererwe pamuchinjikwa.
Masoja akarova Jesu
nezvibhakera, akamupfira mate
kumeso, uye akamurova netyava.
Korona ine utsinye neminzwa
yakareba inopinza vakaitundira
pamusoro wake. Ipapo
kuti afe.



Jesu aigara achiziva kuti aizofa nenzira iyoyo. Aizivawo kuti rufu rwake rwaizoita kuti vatadzi vanovimba naye vakanganwirwe. Makororo maviri akarovererwa pamuchinjikwa padivi paJesu. Mumwe akatenda kuna Jesu – ndokuenda. Mumwe wacho haana.



Pashure pemaawa okutambudzika, Jesu akati, "Zvapera," uye akafa. Basa rake yakapedzwa. Shamwari dzake dzakamuviga muguva.

Ipapo varwi veRoma vakaisa chisimbiso ndokurinda guva. Zvino hapana aigona kupinda - kana kubuda.

Kudai ndiwo waiva magumo enyaya, zvaizosuruvarisa sei. Asi Mwari akaita chimwe chinhu chinoshamisa. Jesu haana kuramba akafa!

Mangwanani-ngwanani ezuva rokutanga revhiki, vamwe vadzidzi vaJesu vakawana dombo rakungurutswa kubva paguva. Pavakatarira mukati, Jesu akanga asisipo.

Mumwe mukadzi akasara achichema paguva. Jesu akazviratidza kwaari! Akamhanya kudzoka achifara kunoudza vamwe vadzidzi. "JESU MUPENYU! JESU AKABUDZWA KUVAFU!"

Nenguva isipi Jesu akauya kuvadzidzi, akavaratidza maoko ake ane mavanga ezvipikiri. Chaiva chokwadi. JESU WAIVA UPENYU! Akaregerera Petro paakamuramba, uye akaudza vadzidzi vake kuti vaudze vanhu vose nezvake. Akabva adzokera kudenga kwaakanga abva.

Isita Yokutanga

Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Mateo 26-28, Ruka 22-24,
Johane 13-21

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."
Pisarema 119:130


Magumo

Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari wedu anoshamisa akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza. Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita! Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu wokufira zvivi zvangu, uye zvino mava kurarama zvakare. Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16